# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–25 अप्रैल 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ के योजना भवन परिसर में पूर्व मुख्यमंत्री हेमवती नंदन बहुगुणा के जयंती पर ओन्हें नमन कइलें। मुख्यमंत्री स्वर्गीय बहुगुणा के मुरती पर पुस्पांजलि अरपित कइले के बाद कहलें कि बहुगुणा जी भारत के राजनीति क खास स्तम्भ रहलें।

*उत्तर प्रदेश के अन्दर मुख्यमंत्री के रूप में उनकी सराहनीय सेवाएं थीं। उत्तर प्रदेश के विकास का उनका अपना एक विजन था। इसी प्रकार से केन्द्र सरकार के भी अपने मंत्रालयों में अपनी सेवाएं दीं। देश के प्रति उनकी सेवाएं उल्लेखनीय रही है, वर्तमान पीढ़ी के लिये वह एक प्रेरणा हैं। आज उनकी जयंती के पावन अवसर पर मैं उत्तर प्रदेश सरकार की ओर से बहुगुणा जी की स्मृतियों को नमन करते हुए विनम्र श्रद्धांजलि अर्पित करता हूं।*

**********

प्रदेस में एकतालीस हजार चारि सौ चउबीस होमगार्ड पदन पर भरती बदे लिखित परीक्षा आजु से सुरू हो गइल। उत्तर प्रदेश पुलिस भर्ती एवं प्रोन्नति बोर्ड के देखिरेखि में हो रहल परीक्षा बदे प्रदेस भर में कुलि एक हजार तिरपन केन्द्र बनावल गइल हवें। आजु दुइ पाली–सबेरे दस बजे से दुपहरिया बारह बजे आ तिजहरिया तीनि बजे से पांच बजे ले भइल परीक्षा के दौरान सज्जो केन्द्रन पर सुरक्षा आ सुचित बदे पुरहर इंतिजाम कइल गइल रहे। परीक्षा केन्द्रन क प्रवेस दुआरि पर गहन चेकिंग के बादे अभ्यर्थियन के प्रवेस दीहल गइल। होमगार्ड भरती परीक्षा बिहने आ सत्ताइस अपरैलो के होई। येह भरती बदे पचीस लाख से बेसी अभ्यर्थी आवेदन कइले हवें।

**********

भारत क महापंजीयक आ जनगणना आयुक्त कार्यालय के मोताबिक, जनगणना दुइ हजार सत्ताइस बदे देस भर में टोल फ्री नम्बर एक आठ पांच पांच सक्रिय हो गइल बा। येह हेल्पलाइन से मकान सूचीकरण आ आवास जनगणना के बारे में मार्गदरसन कइल जा सकी। ई सूचना क्षेत्रीय भासा आ अंगरेजी में उपलब्ध होई।

**********

नगर विकास आ ऊर्जा मंत्री ए.के. शर्मा आजु वाराणसी के सर्किट हाउस में अधिकारियन के साथे समीक्षा बइठकी कइलें। बइठकी में ऊर्जा मंत्री कहलें कि कउनहूं क्षेत्र में बिजुली क ट्रिपिंग मंजूर नाही होई। बइठकी के बाद उहां के दुइ गो अत्याधुनिक विद्युत वैनो क उद्घाटन कइलीं। ई विद्युत वैन रोजाना लगतारे चउबीस घंटा सेवा देई। येह पर तैनात करमचारियन क टीमि आठ–आठ घंटा क तीनि गो सिफ्ट में कार करी। ई वैन ट्रांसफॉर्मर बदलले, एचटी फॉल्ट सुधार, अंडरग्राउंड केबल मरम्मति अउर आपातकालीन बिजुली सेवा तेजी से उपलब्ध कराई।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने सबेरे इग्यारह बजे आकाशवाणी से 'मन की बात' कार्यक्रम में लोगिन से आपन बिचार साझा करिहें। ई मासिक रेडियो कार्यक्रम क एक सौ तैंतीसवां कड़ी होई। कार्यक्रम क सोझै प्रसारण एआईआर न्यूज, डीडी न्यूज, प्रधानमंत्री कार्यालय आ सूचना अउर प्रसारण मंत्रालय क यूट्यूब चैनलन पर कइल जाई। आकाशवाणी के ओरि से क्षेत्रीय भासो में एकर प्रसारण होई।

**********

आकाशवाणी क नब्बेवां बरिस के उपलक्ष्य में एगो नया सिग्नेचर ट्यून बनवले क प्रतियोगिता सुरू कइल गइल हौ। एकर उद्देस्य आकाशवाणी क विसिस्ट कार्यक्रमन बदे अइसन संगीत तइयार कइल हौ जवन विषय–वस्तु के अनुरूप होखे आ श्रोता लोगिन के आकरसित करे।

*सभी धुनें केवल वाद्य संगीत पर आधारित होनी चाहिए। ये धुनें एमपी–थ्री या डब्ल्यूएवी फॉर्मेट में स्वीकार की जाएंगी। प्रथम पुरस्कार विजेता को 30 हजार रुपये, द्वितीय पुरस्कार विजेता को 20 हजार रुपये और तृतीय पुरस्कार पर दस हजार रुपये दिए जाएंगे। पांच–पांच हजार रुपये के 10 सांत्वना पुरस्कार भी होंगे। आकाशवाणी ने जिंगल बनाने के लिए भी प्रविष्टियां आमंत्रित की हैं। यह एफएम गोल्ड, एफएम रेनबो और विविध भारती के विशेष संदर्भ में है। जिंगल की भाषा हिंदी या अंग्रेजी होनी चाहिए। प्रतिभागी प्रत्येक चैनल के लिए एक और अधिकतम तीन जिंगल भेज सकते हैं। प्रथम पुरस्कार 20 हजार रुपये, द्वितीय पुरस्कार 15 हजार रुपये और तृतीय पुरस्कार 10 हजार रुपये है। इसके अलावा ढाई हजार रुपये के 10 सांत्वना पुरस्कार भी प्रदान किए जाएंगे। समाचार कक्ष से सरफिरोजी।*

**********

अजोध्या नगर निगम में नारी शक्ति वंदन अधिनियम के ले के आजु बिसेस सत्र आयोजित कइल गइल। महापौर गिरीश पति त्रिपाठी के अध्यक्षता में भइल चरचा के दौरान लोकसभा में महिला आरक्षण संसोधन विधेयक पारित न भइले के 'काला दिवस' बतावत कांग्रेस, सपा, तृणमूल कांग्रेस आ डीएमके के खिलाफ निंदा प्रस्ताव पारित कइल गइल।

**********

मऊ जिला के दोहरीघाट थान्हा इलाका के बशारतपुर–अहिरानी हाईवे पर आजु भोरवें भइल सड़कि दुरघटना में एक्के परिवार के तीनि गो सदस्यन के सथहीं पांच लोगिन क मउति हो गइल। पुलिस क्षेत्राधिकारी घोसी जितेनद्र सिंह बतवलें कि गोरखपुर जा रहलि स्कॉर्पियो अचक्के बेकाबू हो के अपने लेन से दुसरके लेन में चलि गइलि आ सामने से आ रहल ट्रेलर से टक्कर हो गइल। स्कॉर्पियो में बइठल लोगि बियाह कार्यक्रम में सामिल भइले के बाद रांची से गोरखपुर लवटत रहलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ दुरघटना पर गहरा दुख जतवले हवें।

**********